



Pou Piblikasyon Imedya: 14/04/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU DIFE NAN TOUF ZÈB ATRAVÈ ETA A

*Eta te deplwaye resous pou reponn ak dife nan konte Rockland, Orange,
Schoharie ak konte Otsego*

*Entèdiksyon anyèl pou yo pa boule touf zèb nan rezidans yo an vigè pou
anpeche ensandi sovaj*

Gouvènè Kathy Hochul te bay yon mizajou sou dife nan touf zèb k ap boule atravè New York. Gouvènè a te deplwaye yon repons ki gen plizyè ajans an kolaborasyon ak premye sekouris lokal yo epi li kontinye bay resous ak reponn ak dife nan konte Rockland, Orange, Schoharie ak Ostego, pami plizyè lòt kominote.

"Akòz kondisyon sèk ak cho yo pandan kèk jou ki sot pase yo, nou te wè yon ogmantasyon nan ensandi sovaj nan plizyè konte epi n ap reponn byen vit", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Mwen ankouraje tout Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi remèsye tout premye sekouris nou yo, ajans patnè yo, ak vwazen nou yo k ap travay pou metrize ensandi sa yo epi pwoteje kominote nou yo."

Tanperati ki sèk ak mank vejetasyon vèt te lakòz kondisyon danjere ki alimante ensandi sovaj yo. Nan semèn pase a sèlman, Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Gad Forè yo (Forest Rangers), Aviyasyon Polis Eta New York (New York State Police Aviation), depatman ponpye lokal yo ak volontè ki antrene te reponn a prèske 20 ensandi sovaj ki te boule plis pase 161 ekta tè nan kominote yo atravè eta a. Imaj videyo a disponib isit la: [Ensandi Richmondville](#); [Ensandi Blooming Grove](#); [Ensandi Shinhollow](#).

Ofisyèl yo nan Biwo Jesyon Ijans (Office of Emergency Management, OEM) ak Biwo pou Prevansyon ak Kontwòl Dife (Office of Fire Prevention and Control) Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans yo (Division of Homeland Security and Emergency Services, DHSES) rete sou tèren an nan konte Rockland, Orange, Schoharie, ak Otsego pou sipòte repons ak kowòdinasyon resous, ki gen ladan deplwaman jeneratris pou sipòte operasyon yo nan Konte Orange. Anplis de sa, Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi a deja ouvri Sant Operasyon Ponpye Eta a epi li aktive Plan Èd Mityèl

kont Ensandi eta a. Sa pral pèmèt yo delivre lòt resous pou ponpye yo nan kominote yo atravè eta a sou demann.

Konte Rockland - Haverstraw Beach ak Hook Mountain

Dife inisyal yo te divize an twa zòn: Conger, Stony Point, ak akote wout ray la. Ensandi Conger a sou kontwòl epi y ap distribye resous yo, men pwen cho yo rete. Elikoptè Konte Westchester a kontinye ap lage dlo sou li. Ensandi Stony Point lan prèske etèn epi sekouris yo kontinye frape pwen cho ki rete yo. Ensandisou wout ray yo etèn. Yopral re-evalye zòn nan demen maten. Estrikti yo te rapòte ke yo te pran dife yo te yon rezidans, yon anga, ak yon kloti. Sikilasyon tren toujou sispann.

Konte Orange - Blooming Grove ak Deer Park

Gen de ensandi nan Konte Orange. Dife nan Blooming Grove ap deplase dousman epi li boule apeprè 34 ekta tè ak 65 pousan ladan yo ke yo metrize. Ajans eta yo sou plas epi premye sekouris yo ap vize pou yo metrize dife a 100 pousan nan fen operasyon yo jodi a. Dizwit depatman ponpye ap reponn apati konte a epi kat depatman ponpye andeyò konte a k ap ede. Round Hill Elementary School te fèmen jodi a kòm yon prekasyon akòz kondisyon lafimen yo.

Dife nan Deer Park te boule apeprè 61 ekta tè epi kounye a yo metrize li a 75 pousan. Kat depatman ponpye lokal nan konte a ap ede ansanm ak youn nan Pennsylvania. Premye sekouris yo prevwa metrize mete dife a konplètman nan demen apremidi, tou depann de tanperati a.

Konte Schoharie ak Konte Otsego - Richmondville

Yo metrize ensandi Richmondville la Pòs Kòmand Ensidan an ap fèmen a 6 p.m. aswè a ak Gad Forè Eta yo pral kontinye patwouye dife a pou asire ke li rete kontwòle epi baleye pwen cho yo. Tren yo toujou oblije vwayaje ant 16 a 24 km pa èdtan pou yo pran anpil prekasyon pou anpeche yo pwovoke lòt ensandi.

Konte Ontario - Springwater

Ensandi Springwater nan Old South Bald Hill Road te boule 20 ekta tè. Ofisyèl lokal yo metrize ensandi sa a 98 pousan.

Yo raple Nouyòkè yo ke entèdiksyon anyèl nan tout eta a ki entèdi boule tout zèb nan rezidans yo dire jiska 14 me. Boule debri ouvètman se pi gwo kòz ensandi sovaj prentan nan eta a. DEC aplike entèdiksyon anyèl pou boule tout zèb pou anpeche dife sovaj epi pwoteje kominote yo pandan kondisyon ki pi wo yo pou ensandi sovaj yo. Pou plis enfòmasyon, ale [isit la](#). Ou ka jwenn Kat Danje Ensan di a pou sezon dife 2023 la sou [sitwèb DEC la](#) epi yo mete li ajou ak dènye kondisyon ensandi yo.

Komisè DEC, Basil Seggos, te deklare, "Ekip elit Gad Forè ak volontè ki resevwa fòmasyon DEC yo ap reponn ak ensandi sovaj atravè eta a, epi ak ponpye lokal nou yo, y ap mete tèt yo an danje pou pwoteje kay ak resous natirèl nou yo. Eta New York remèsye tout moun k ap reponn, sitou volontè yo, pou travay di yo. Wikenn sa a ak

chak jou jiska 14 me, mwen sipliye tout Nouyòkè yo pou yo respekte entèdiksyon pou yo pa boule zèb yo epi ede kenbe premye sekouris nou yo ak kominote yo an sekirite."

Komisè Depatman Sekirite Teritwa ak Sèvis Ijans Eta New York la, Jackie Bray, te deklare, "Biwo Jesyon Ijans ak Biwo Prevansyon ak Kontwòl Ensandi yo angaje ak patnè eta ak lokal nou yo pandan n ap travay pou etèn dife sa yo pi vit ak san danje jan sa posib. Pou avanse efò sa yo, nou te aktive Plan Èd Mityèl kont Ensandi Eta a epi nou te ouvri Sant Operasyon kont Ensandi Eta a pou bay kominote ki afekte yo yon pi gwo kapasite pou jwenn aksè ak resous ki kabay konbat ensandi ki soti nan lòt lokalite nan tout eta a."

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta a, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Lapolis Eta a pare pou bay kèlkeswa resous ki nesesè pou ede kontwole ensandi yo. Pandan plizyè jou ki sot pase yo, Inite Aviyasyon nou an te angaje nan lanse bokit ak vòl obsèvasyon epi yo pral kontinye bay asistans jiskaske dife yo etèn epi piblik la an sekirite."

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418